

# **Dwa Lokaté Ki Genyen on Kontra Ekri**



**Legal Services of Greater Miami, Inc.**

**Projé Sou Dwa Lokaté**

**Renters' Education and Advocacy Legal Lines (REAL)**

**<https://sites.google.com/site/reallsgmi>**

**[www.lsgmi.org](http://www.lsgmi.org)**

## **KI SA KONTRA LWEYAJ LA YE?**

On kontra lweyaj ekri se on kontra ke ou siyen ak mét kay ou a anvan ou rantre nan kay ke ou ap lwe a. Li genyen la dan li tém kontra-a tankou kombyen lajan ou dwe peye lwaye ou, ki jou ou dwe peye, epi pou kombyen tan ou genyen kontra kay la.

## **SISPAN-N ON KONTRA LWEYAJ PA ERKI**

Si ou te siyen on kontra lweyaj, epi ou vle kite kay la anvan kontra-a ekspire, ou ap sispan-n kontra-a.

### **Li Kontra-a**

Si kontra ou a se pou on kantite tan espesifik, lé sa-a li kontra-a pou ou ka wé si ou gen pémisyon pou ou kite kay la anvan fen kontra-a. Gendefwa kon-n gen on fré pou ou peye pou ou ka fé sa. Kontra-a pral di ou tou kombyen jou avétisman ou dwe bay mét kay ou a.

### **Pale ak Mét Kay ou a**

Si kontra ou a pa pémét ou kite kay la anvan fen kontra-a, lé sa-a pale ak mét kay ou a pou ou ka wé si li ka dakò pou ou sòti nan kay la anvan ke kontra ou ekspire. Si ou ta rive jwen on akò, asire ou ke ou genyen sa pa ekri, epi asire ou ke mét kay ou a siyen li tou. Epi kenbe on fotokopi pou dosye pésonél ou.

### **Sispan-n on kontra lweyaj anvan lé li rive**

Si mét kay ou a pa dakò pou ou kite kay la anvan lé a rive, men ou toujou kite kay la anvan dat la rive, mét kay ou a genyen plizyé opsyon. Li gen opsyon pou li: (1) témine kontra-a; (2) pran posessyon propriete a epi eseye lwe kay la ankò pou li ka redwi montan lajan ke ou tap responsab pou ou peye a; (3) ran-n ou responsab pou lweyaj la chak mwa ke li rive jiskas ke kontra-a fini; o sinon, (4)chaje ou fré nou sot mansyone la yo nan kontra ou a.

## **SOTI NAN KAY LA NAN FEN KONTRA-A**

Asire ou ke ou li kontra-a ankò. Gendefwa ou kon-n dwe bay mét kay ou a avétisman ke ou ap soti nan kay la nan fen kontra. Asire ou ke ou fé sa pa ekri, epi ke ou kenbe on fotokopi pou dosye pésonél ou. Mét kay ou a paka mande ou pou ou ba li on avétisman plis ke 60jou nan fen kontra ou a.

## **RETE NAN KAY LA APRÉ KE KONTRA OU FINI/EKSPIRE**

Si kontra ou fini, men ou kontinye abite nan propriete a, mét kay ou a ka eseye atake ou nan jistis pou sa ki rele lokaté “holdover”. Si mét kay ou a vle atake ou an jistis, li dwe témine sa ki rele “Étenant” ou an. Ou pral responsab pou 2 fwa montan lweyaj ou. Si mét kay ou a kite ou rete nan kay la apré kontra ou ekspire, o sinon li kontinye touché lajan lweyaj nan men ou chak mwa, lé sa-a ou vin-n on lokaté ki rele “month-to-month” tenant,” eksepte si kontra ou ta di on lòt bagay.

## **SOULWE O SINON PASE ON MOUN KONTRA LWEYAJ OU A**

Li kontra-a ou a pou ou wé si ou gen pémisyon pou ou soulwe kay ou a o sinon pase li bay on lòt moun. Gendefwa gen de mé kay ki fé ou peye on fré pou sa. Anpil fwa mét kay yo fé rechéch sou pase moun nan ki pral soulwe kay la o sinon moun ki pral kontinye kontra-a.

### **Soulwe**

Si ou soulwe propriete a, ou toujou responsab pou lweyaj epi domaj ke moun sa-a pa peye. Mét kay ou a ka atake ou an jistis pou domaj yo epi pou lweyaj ki pa peye. Ou men-m ou ka atake moun ke ou soulwe kay la an jistis.

## **PASE ON MOUN KONTRA OU A**

Si ou pase dwa kay ou a ba on lòt moun, lé sa-a ou pa responsab anyen pou mét kay ou a. Anpil kontra pa pémét sa-a.

## **SI OU SOTI NAN KAY LA, EPI GEN ON LÓT MOUN KI TOUJOU RETE NAN KAY OU TE LWE A**

Si ou se sél nom moun ki te nan kontra-a, epi gen on moun ki kontinye abite nan kay ou lwe a apré ou fin-n kite kay la, lé sa-a ou toujou responsab devan mét kay la pou lajan lweyaj epi domaj ki ka fét nan kay la, eksepte si mét kay la dakò ke ou pa pral responsab. Asire ou ke si mét kay la dakò ke ou pa pral responsab pou domaj epi lajan lweyaj, ou jwen konsantman sa-a pa ekri pou dosye pésonél ou.



## **Legal Services of Greater Miami, Inc.**

### **Biro Prensipal**

3000 Biscayne Boulevard, Swit 500  
Miami, FL 33137  
Telefòn-n: (305) 576-0080  
TTD: (305) 573-1578

### **South Dade**

11285 SW 211 Street, Suite 302  
Miami, Florida 33189  
Telefòn-n: (305) 576-0080  
TTD: (305) 573-1578

### **Monroe County**

Telefòn-n: (877) 715-7464  
TTD: (877) 715-7461

***Passionately Committed to Equal Justice***

Se Legal Services of Greater Miami, Inc. ki prepare dokiman sa yo e dokiman sa yo pa gen dwa repwodui oswa distribye pazavan LSGMI bay yon otorizasyon a lekri.